# Министрлер Кеңесиниң Баслығы жеке қабыллаўын өткерди

**Image not found or type unknown**

Бүгин Министрлер Кеңесиниң Баслығы гезектеги жеке қабыллаўын өткерип, өз мүрәжатлары менен келген пуқараларды қабыллады.

Атап айтқанда, Д.Уразова өз исбилерменлигин раўажландырыў ушын кредит бойынша ипотека банкине бир неше рет мүрәжат етиўине қарамастан ҳеш қандай себепсиз исбилерменге кредит ажыратылмаған. Бүгин пуқара Министрлер Кеңесиниң Баслығы қабыллаўында болып өзиниң машқаласын билдирип, келешектеги режелери менен таныстырды. Мүрәжат өзиниң унамлы шешимин таўып, ипотека банкине тез пурсатта кредит рәсмийлестириў бойынша анық тапсырма берилди.

Image not found or type unknown

Пуқара Ю.Ходжаева жеңиллетилген кредит есабында алған турақ-жайының кредитин төлеўде қыйыншылыққа ушырасып атырғанлығын билдирип мүрәжат етти. Министрлер Кеңесиниң Баслығы тәрепинен Нөкис қаласы ҳәкимине пуқараның бир жыллық кредитиниң 50 пайызын «Сақаўат ҳәм көмек» қоры есабынан төлеп бериў мәселесин тез пурсатта көрип шығыў тапсырмасы берилди.

Соның менен бирге пуқара А.Асаубаевтың газ тармағына жалғаныў бойынша еткен мүрәжатын унамлы шешип бериў бойынша тараў жуўапкерлерине ўазыйпалар белгилеп берилди.

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети